**NUKUS TUMANLARARO IQTISODIY SUDI**

*230100, Nukus shahri, A.Dosnazarov koʻchasi, 92*

**NO'KIS RAYONLAR ARALIQ EKONOMIKALIQ SUDI**

*230100, No'kis qalasi, A.Dosnazarov ko'shesi, 92-jay*

# Өзбекстан Республикасы атынан
# ШЕШИЎШИ ҚАРАР

**2023 жыл 12 сентябрь    Нөкис қаласы    4-2301-2301/2569-санлы ис**

Нөкис районлар аралық экономикалық суды судьясы ***ның басшылығында, судья жәрдемшиси ***тың хаткерлигинде, арза бериўши ўәкили – *** (2023-жыл 11-сентябрь күнги 25-05636-санлы исеним хат тийкарында)тың қатнасыўында, арза бериўши ***ның жуўапкер "***" жуўапкершилиги шекленген жәмийетин әпиўайыластырылған тәртипте төлеўге қәбилетсиз деп табыў ҳаққындағы арзасы бойынша экономикалық исти суд имаратында ашық суд мәжлисинде көрип шығып, төмендегилерди

**а н ы қ л а д ы :**

*** (кейин арза бериўши деп жүритиледи) жуўапкер "***" жуўапкершилиги шекленген жәмийети(кейин жуўапкер деп жүритиледи) әпиўайыластырылған тәртипте төлеўге қәбилетсиз деп табыўды сорап экономикалық судына даўа арза менен мүрәжат еткен.

Суд мәжлисинде арза бериўши ўәкили арзаны қуўатлап, жуўапкердиң мәмлекетлик бюджет ҳәм бюджеттен тысқары қорларға қарызын төлеў имканиятының жоқлығы, сонлықтан жуўапкерди әпиўайыластырылған тәртипте төлеўге қәбилетсиз деп табыўды ҳәм арзаны қанаатландырыўды сорады.

Жуўапкерге жиберилген суд ҳүжжети мәнзилде жоқлығы ҳаққында байланыс бөлими тәрепинен судқа хабарландырылған.

Өзбекстан Республикасы ЭПКниң 128-статьясы екинши бөлимине муўапық, суд тәрепинен юридик шахстың судка мәлим болған ақырғы жайласкан жери (почта мәнзили), пухараның жасаў жайы бойынша жиберилген уйғарыў көширме нускасы алыўшы көрсетилген мәнзилде жоқлығы себебли тапсырылмаған ҳәм бул ҳаққында байланыс мекемеси тәрепинен судты хабардар қылған болса ол тийисли тәртипте хабарландырылған деп есапланады.

Сонлықтан, суд, исти жуўапкердиң қатнасыўысыз көриў мүмкин деген жуўмаққа келди.

**Суд, арза бериўши ўәкилиниң түсинигин тыңлап, ис бойынша топланған ҳүжжетлерди уйренип шығып арзаны төмендегилерге тийкарланып қанаатландырыўды мақул тапты.**

Жуўапкер "***" шанарақлық кәрханасы 2020-жылы 20-октябрь күни 905421-сан менен мәмлекетлик дизимнен өтип, оған 307 835 861-идентификацион саны берилген. Жуўапкер "***" ЖШЖның баслығы ***.(СТИР 554 563 548)

Арза бериўшиниң мағлыўматына қарағанда жуўапкердиң мәмлекетлик бюджет ҳәм бюджеттен тысқары қорларға болған қарызы 2023-жыл 18-август халатына жәми 52 562 363,92 сўмды қураған.

Усы салық қарыздарлығын жуўапкердиң мал-мүлкинен өндириў ҳаққында МСИ тәрепинен қабыл етилген қарар орынланыў ушын Мәжбүрий орынлаў бюросының Нөкис районлық бөлимине орынлаў ушын жиберилген ҳәм мәмлекетлик орынлаўшысының 2022-жыл 18-октябрь күнги қарары менен орынлаў ҳүжжетлер Өзбекстан Республикасының «Суд ҳүжжетлери ҳәм басқа органлар ҳүжжетлерин орынлаў ҳаққында»ғы Нызамының 40-статьясының 1-бөлими 3-бәнтлерине тийкар орынлаў мүмкиншилиги болмағанлығы себепли орынлаўсыз қайтарылған.

Өзбекстан Республикасы «Төлеўге қәбилетсизлик ҳаққында»ғы Нызамының (кейин-Нызам) 241-статьясына муўапық өз искерлигин тамамлаған жуўапкер жеке тәртиптеги исбилермен яки тамамланып атырған юридик шахстың баслығы ҳәзир болмаған жағдайда, ҳәзир болмаған жуўапкерди төлеўге қәбилетсиз деп табыў ҳаққындағы арза, кредиторлық қарызы муғдарынан қәттий нәзер, кредитор, ўәкилликли мәмлекет уйымы, мәмлекет салық хызмети уйымы яки басқа ўәкилликли уйым тәрепинен берилиўи мүмкин.

Суд, жуўапкердиң карыздарлығын төлеў имканияты жоқлыгын итибарға алып, арза талабы тийкарлы ҳәм қанаатландырылыўы лазым деп есаплайды.

Сапластырыў басқарыўшысы сыпатында Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик активларын басқарыў Агентлигиниң Қарақалпақстан Республикасы басқармасы тәрепинен ***тың кандидатурасы усынылған.

Сонлықтан, суд Өзбекстан Республикасы «Төлеўге қәбилетсизлик ҳаққында»ғы Нызамының 241-статьясына муўапық жуўапкерди төлеўге қәбилетсиз-банкрот деп табыўды, сапластырыў басқарыўшысы сыпатында Б.Утегеновтың кандидатурасын тайынлаўды, жуўапкерден Республика бюджет пайдасына базалық есаплаў муғдарының 3 есеси муғдарында 990 000 сўм мәмлекетлик бажы, арза бериўши пайдасына төленген 33 000 сўм почта қәрежетин өндириўди мақул тапты.

Усы жоқарыдағыларға тийкарланып, «Төлеўге қәбилетсизлик ҳаққында»ғы Нызамының 241-242-статьялары ҳәм Өзбекстан Республикасы ЭПКниң 36, 118, 176-179, 210-статьяларын басшылыққа алып, суд

**қ а р а р   е т т и:**

Арза бериўшиниң талабы қанаатландырылсын.

“***” жуўапкершилиги шекленген жәмийети (СТИР 307 835 861) төлеўге қәбилетсиз-банкрот деп табылсын, сапластырыў өндириси ашылсын.

“***” жуўапкершилиги шекленген жәмийетиниң сапластырыў басқарыўшысы етип *** тайынлансын.

Сапластырыў басқарыўшысына жуўапкер банкрот деп табылғанлығы ҳаққында рәсмий газетада жәриялаў, белгиленген тәртипте сапластырыў жумысларын алып барыў, сапластырыў режесин дузиў, жуўапкердың мал-мулкин анықлаў, егерде анықланған жағдайда өзиниң басқарыўына алыў, экономикалық судының талабына асас мағлыўматлар берип барыў ҳәм сапластырыў жуўмағы бойынша жуўмақлаўшы жазба турдеги есабатың **2023-жыл 13-ноябрь күнине** шекем Нөкис районлар аралық экономикалық судына усыныў жукленсин.

“***” жуўапкершилиги шекленген жәмийети есабынан Республика бюджет пайдасына 990 000 сўм мәмлекетлик бажы өндирилсин.

“***” жуўапкершилиги шекленген жәмийети есабынан *** пайдасына 33 000 сўм почта қәрежети өндирилсин.

Орынлаў хатлар берилсин.

Шешиўши қарар дархал орынлаўға қаратылсын.

Шешиўши қарар үстинен бир ай муддет ишинде Қарақалпақстан Республикасы судына апелляциялык тәртибинде арза, прокурор (протест) келтириўге ҳақлы.

**Судья** ***